Recueilli par : Mame Dier MBENGUE
Dit par : Adja Aby Ndoye, 73 ans, domiciliée à Ngor - Dakar.

# LAMLAMU SELL

- Léebóon !
- Lippóon !
- Amoon na fi !
- Daana am !

Dafa amoon benn xaleel bu jigéen bu tuddóon Lamlamu Séll, rafeta rafeta rafet ba defe ni moo dàq ci àdduna. Mu ni du séy ak benn góor bu ñuul te ñaaw te am légët.

Buur bi dégg ko daldi takk ànd ak junniy gawar yu war naaru-góor, ànd ak junniy jaam yu jigéen daldi ñów ni day seetsi Lamlamu Séll.

Lamlamu Séll nag mu nga dëkk ca kow ca juróom ñaareeli taax yu kër baayam. Waaye benn jaam bu jigéen moo nekk ci suuf di teeru gan yi.

Ba nga xamee ni Buur Siin dégg na loolu ba ñów ànd ak ñooñu ñépp, mu fekk jaam bi ci suuf, nuyoo, ñu fey ko, mu ni Lam lay seet.

Jaam bi daldi ko ni :

- Lamlamu Séllóo ! Lamlamu Séllóo !
Ubbil seet ki lay woo Lamlamu Séll
Ubbil xool ki lay seet Lamlamu Séll !

Mu ni ko :

- Nga fóonal ma ko, raayal ma ko
Te ni ko bu yendoo bu mu fanaan
Ndax Lam yëgul kenn !

Buur ba dem.

Buur Jolof dégg ko daldi moom it takk ànd ak junniy gawar yu war naaru-góor ànd ak junniy jamm yu góor, junniy jaam yu jigéen, indi moom it junniy nag, indi junniy fas, indi junniy xar, ñów fekk jaam bu jigéen bi ci suufi eskalyée bi mu ni ko day seet Lamlamu.

Jaam bi néeti ko :

- Lamlamu Sàlloo, Lamlamu Sàll !
Ubbil seet ki lay seet Lamlamu Sàll
Ubbil xool ki lay seet Lamlamu Sàll !

Mu ni ko :

- Nga fóonal ma ko, raayal ma ko
Te ni ko bu yendoo bu mu fanaan
Ndax Lam yëgul kenn !

Buur Jolof wónnéeku ñibbi

Buur Saalum dégg ko takk. Moo it lu ne indi na ca junni ànd ak junniy gawaram. Ba mu ñówée fekk jaam bi cu suuf mu ni ko Lam laay seet.

Jaam bi ni ko :

- Lamlamu Sàlloo ! Lamlamu Sàlloo !
Ubbil seet ki lay seet Lamlamu Sàll
Ubbil xool ki lay seet Lamlamu Sàll !

Mu ni ko :

- Nga fóonal ma ko; raayal ma ko
Te ni ko bu yendoo bu mu fanaan
Ndax Lam yëggul kenn !

Buuru Kajoor déggé ko ca daldi aw ci yoon wi moom itam, ànd ak junniy gawar, indiwaale junniy coggali nag, junniy coggali xar, ànd ak junniy jaam yu góor, junniy jaam yu jigéen, ñów seetsi Lamlamu Sàll.

Jaam ba ni :

- Lamlamu Sàlloo ! Lamlamu Sàll !
Ubbil seet ki lay woo Lamlamu Sàll !
Ubbil xool ki lay seet Lamlamu Sall !

Mu ni ko :

- Nga fóonal ma ko, raayal ma ko
Te ni ko bu yendoo bu mu fanaan
Ndax Lam yëgul kenn !

Buuru Gànnaar it daldi tekke Gànnaar indi ñaari junniy gawar indi ñaari junniy xàbban,indi ñaari junniy xar, indi ñaari junniy jaam yu jigéén, ñaari junniy jamm yu góor. Buuru Gànnaar nag Burru Tarasa la tudd. Mu daldi ñów ci jaam bi ni ke Lam lay seet.

- Mu ni ko :

Lamlamu Sàlloo ! Lamlamu Sàll !
Ubbil seet ki lay seet Lamlamu Sàll !
Ubbil xool ki lay seet Lamlamu Sàll !
Buur Tarasa ngi lay nuyu Lamlamu Sàll !

Mu ni ko :

- Nga foonal ma ko, raayal ma ko
Te ni ko bu yendoo bu mu fanaan
Ndax Lam yëgul kenn !

Aa ! Buur yépp daj nañu nag.

Jinné ja nga xam ni mu nga dëkk ci ginnaaw Kedugu te tudd Sadañaali (mbër mi di fénqle jinné yeek garab yi) ni moom it day seetsi Lam. Fasu naaru-góor woo xam ni mót ñaari meeter ak gennwaal. Boo ko gisée mu nga xees ba raw ku xeex. Mu nga sol baraaya bu wert teg ci silet bu wert regle bu ndaw, teg xaftaan bu mag, teg ci mbubum palmaan, yor saaku wurus, saaku xaalis, saaku jamaa. Andul ak kenn, moom rekk ànd. Waaye jinné ji kat fa mu dëkk ci ginnaaw Kedugu guy la goo xam ni moo raw guyi àdduna yépp ci rëyaay.

Jinné ji nag am na benn xaj bu weex furr. Xaj bi it jinné la. Mu dégg ko ca daldi ñów moom itam, ànd ak yooyu mu àndal yépp. Bi mu ñówée mu nuyu jaam bi ba neppi ni ko :

- Lam laay seet.

Jaam bi ni :

- Lamlamu Sàlloo ! Lamlamu Sàlloo!
Wuyul te seet ki lay woo, Lamlamu Sàll !
Ubbil xool ki lay seet Lamlamu Sàll !

Mu ni ko :

- Nga fòonal ma ko, raayal ma ko
  Te ni ko bu yendoo bu mu fanaan !
  Ndax Lam yëgul kenn.

Waaye nag la tax Lam yirndu dafa ñaarel wax ja.

Mu ni ko :

- Lamlamu Sàlloo! Lamlamu Sàll !
  Ubbil seet ki ley seet Lamlamu Sàll !
  Ubbil xool ki ley seet Làmlamu Sàll !

Lam daldi ubbi "ridòo" bi tuuti ni jàkk ci moom, daldi ni ni barax ! barax ! barax ! eskalye baayam yi daldi ni cëpp, lëng ko jëmé ko ci kow.

Baay bi ni :

- Alhamdulilaahi Rabbil Aalamina ! Sama doom ji ba mu juddòo ba am ñaar fukki at ak juròom ba tey kenn mòsu ko taxa wacc sama taax mi. Ku ko wacce nag xam naa ni lëf la.

Mu daldi ko jàlle ci beneen néeg ba, woo waa ji mu ñów. Ñoom defe nanu ni nit la. Mu nuyòo ak moom, mu fey ko.

Mu ni,ko :
- Lu doon say tànk ?
Mu ni ko :
- Bëgg Lam rekk.
Mu ni ko :
- Moom kay boo ko bëggée tey ma may la ko.
Mu ni ko :
- Tey la bëgg nga may ma ko.
Mu daldi ko ko may ; woote ñu yeew Lam, maye ko. Waaye nag ngoon uk dimaas,la fa ñów ñu jox ko Lam, mu fanaan ak moom, bët set mu ni day yòbbu Lam te du ànd ak kenn. Bu ko kenn gungé.

Ginnaaw indi ne jii alal jépp nag, baay bi daldi ko doyloo rekk jox ko Lam.. Mu ànd ak Lam ñuy dew, fas wi di dow guddi di dew bëccëg, di dew guddi di dow bëccëg, di dow guddi di dew bëccë ba ca mandin ma ca ginnaaw Kedugu mu daldi fo gis genn guy go xam ni moo raw

"Asambale" ci rëyaay ndax rëyaay rekk.

Mu ni ko :

- Nijaay egseegunu ?

Mu ni ko :

- Gis nga guy gëlé ?

Mu ni ko :

- Waaw

Mu ni ko :

- Sama k"r la.

Lam nag xel ma tàmbalee ñaaw, waaye mu ànd ak jëkkëram rekk. Ba mu demee ba ca guy ga mu ni :

- Guy ŋayeet !

Guy gi ni ŋayeet. Mu dug fekk lépp lu jigéén di am ak luy rafet ci néég mu nga ci biir. Pabiyoŋ yeek ngegenaayu sooy yi... (xam nga ni moos jinnéé fi dax sooy). Xan ! Lam daldi toog ni finaax. Jinné ji nag bu xëyée li muy dundé ci àdduna mooy rëbbi. Dafay rëbb rekk ci àll bi di indi kooba yi, kéwal yi, jàmba-jåeb yi, banjooli yi. Bu indi rekk Lam defar. Bés ba ca mujjé nag mu daldi waxtaan ak xaj bi (xaj buy wax fa laa ko gisé). Waaye fa Lam ne jula bu fa romb ren ba la faa beneen a rombaat muy dewen. Jula yi dëkk seen dëkk ñoom ñépp a fa romb. Képp ku fa romb mu ni la :

- Inkoo taranaajee...
Ahgri taranaaje
Ani seose kabarunkwu...
Ani ngañamu ngañamu

(ndax xam nga ni ñeeña dañoo làkk, waaye Lam dégg na làkk wi).

Li mu leen di wax mooy :

- Jàmm ngeen yendoo, jàmm ngeen fanaan
Bu ngeen demee ca dëkk ba ngeen ni sama yaay
Ak sama baay maa ngi fii waaye ki ñu ma may du nit.

Ñooña bu ñu demee fàtte ko ba ca déwéen sa beneen jula rombati fa, mu néeti ko :

- Inkkoo taranaajee...
Ahigri taranaajee...
Ani seese kabarunkuu...
Ani ngañamuu ngañamuu...

Kooka demati ba ca dëkk ba fàtte ko (xam ngeen yëfi jaaykat rekk) muy ñaari at.

Atum ñetteel ba, beneen jula rombaat fa, mu ni ko :

- Inkkoo taranaajee....
Ahigri taranaajee...
Ani seese kabarunkuu...
Ani ngañamuu ngañamuu...

Muy atum ñetteel ba, kooka dem fàtte ko. Ba ca atum juróomeel ba jëkkër ja xëy rëbbi, jula ba rombaat fa, mu ni ko :

- Inkke taranaajee....
Ahigri taranaajee...
Ani seese kabarunkuu
Ani ngañamuu ngañamuu.

Kooku demati fàtte ko.

Xaj bi mu dëkkal nag daldi ñów génne benn sër boo xam ni bu weex la, jinné jée ko moom waaye xaj bi rekk moo xam sekkere bi.

Mu daldi ko ni :

- Lamlamu !

Mu ni ko :

-Naam !

Mu ni ko :

- Sa jëkkër rëbbi na tey te seey na, bu ñówée dina la lekk.

Mu ni :

- Waaw

Mu ni ko :

- Xam nga na ñuy def ?

Mu ni ko :

- Waaw

Mu ni ko :

- Am na sér bu mu fi dénc, lépp lu mu ko muur loolu dee, te moom it day bañ ku ko ci muur ndax dafay dee ndeen. Waaye dinaa fab sér bi nga tôfli ci wanag yi, tôfli ci néeg yi, tôfli ci waañ yi, tôfli ci ruq yi, tôfli ci digg kër gi, tôfli fépp, ñu ànd daw ndax nga mucc.

Lam daldi def li ko xaj bi wax yépp. Xaj bi box sér bi, mu daldi war fas wi. Mu ngay ñibbi nag, mu ngay daw di dem, di daw di dem, di daw di dem, di daw di dem.

Ba Saadañali jégée ca àll ba emul dara.

Ba mu ñôwée mu ni :

- Lamlamu !

Tôflit yi ni :

- Naam !

Mu dem foofa du gis dara.

Mu néeti :

- Lamlamu !

Ñu ni ci biir néeg bi :

- Naam !

Bu demee du gis dara. Mu dem ci buntu waañ wi ni :

- Lamlamu !

Ñu ni :

- Naa - Naam

Bu démee du gis dara. Mu deen xeel rekk daldi gis tànki fas wi. Mu ni yeen wi dikk naa.

Lamlamuy daw, xaj biy daw boq sér bi ; Lamlamuy daw, xaj biy daw boq sér bi. Ba nga xamee ni Saadañali (nga xam ni bu ni nayeet rekk jot fi Kees, bu nayeet jot fi Mbuur, bu ni nayeet jot fi Fatig) mu nga leen di bëgg dab xaj bi njuuy ko rekk daldi jël sér bu xëpp ko ko, ni ko :

- Kumba aafiyë !

Mu daldi seey.

Lamlamu ànd ak xaj bi daldi wuti seen kër; fas wi naaw rekk dugg ci biir kër gi, xaj bi naaw moom it dugg ci biir kër gi.

Ñu ni Lamlamoo ngi ! Lamlamoo ngi ! Lamlamoo ngi !

Yaay ji ak baay bi daldi ko gàttendu.

- Lam, lii lan la ?

Mu ni léen :

- Ba ma dalee yòbbante ba tey gisuma seen ndaw. Ndekkete ki ma fi doon bëgg ba jële ma fi, tudd Saadaŋali, mbër mi di fénqle jinné ak garab yi, ba ngeen xamee ni daal am naa fa juròomi at, xaj bi ma àndaleen moo ma muccaloo ci Saadañaali. Bés bi ma dawee Saadañaali ci la ma naroon lekk, waaye tey jii bu ngeen gisée gumb gu fi ñòw di yalwaan sax du yeboo ngeen may ma ko, taamaatuma kenn.

Fale léeb doxe tàbbi géej....